



Pou Piblikasyon Imedya: 01/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINISMAN PWOJÈ LOJMAN SIPÈVIZE 5.6 MILYON DOLA NAN ALBANY AN

Apatman yo pral Sèvi Moun Sanzabri nan Fason Kwonik ki gen VIH/SIDA yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse finisman yon devlopman lojman sipèvize 5.6 milyon dola pou moun sanzabri nan fason kwonik k ap viv avèk VIH ak SIDA yo. Nouvo Sant Damien Albany an ki mezire 26,000 pye kare a pral ofri 20 apatman sipèvize pèmanan - 18 apatman estidyo ak de apatman ki gen yon chanm a kouche - pou 22 moun sanzabri nan fason kwonik k ap viv ak VIH/SIDA.

“Lojman abòdab enpòtan anpil pou nou pwoteje sila ki pi vilnerab pami nou yo epi avèk nouvo devlopman lojman sipèvize sa nan Albany an, nou ap ede pwoteje rezidan nan Rejyon Kapital la yo ki plis bezwen yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sant Damien an pral bay moun sanzabri nan fason kwonik k ap viv ak VIH/SIDA yo aksè a resous swen enpòtan yo bezwen pou yo viv yon lavi an sante.”

Pwojè a gen ladan renovasyon yon bilding istorik ak konstriksyon yon nouvo espas y ap ajoute sou li nan katye Pine Hills la nan Albany. Sant Damien an te youn nan premye sant asitans nan peyi a k ap sèvi moun k ap viv ak VIH/SIDA a yo, k ap bay sila yo ki pa gen aksè a tretman medikal apwopriye yo epi ki pa gen ase sipò sosyal yo sèvis yo bezwen. Sant lan t ap fonksyone nan yon lokalite tanporè aprè yon ensandi te detwi ansyen sit kote li te ye nan South Lake Avenue an ane 2013 la. Nouvo bilding lan te ouvri 6 novanm lan.

“Lojman estab se yon eleman kle pou moun k ap viv ak VIH/SIDA yo ka resevwa tretman efikas, k ap ofri yo swen medikal kontini epi ogmante pousantaj moun yo pa ka detekte nivo viris la nan san yo ankò”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Sant Damien an te transfòme trajedi an triyonf aprè ensandi 2013 la avèk nouvo etablisman sa a ki pral ofri apatman sipèvize ak pwogramasyon. Avèk èd òganizasyon tankou Sant Damien an, New York ap fè pwogrè konsiderab nan lit pou mete fen a epidemi sa a. Mwen te la lè yo te kòmanse mete men nan konstriksyon nouvo bilding lan ane pase, epi se yon lonè pou mwen patisipe nan ouvèti pòt li yo pou nou ka kontinye transfòme lavi moun.”

Kounye a, nouvo Sant Damien ki nan Madison Avenue an ap ofri sèvis lojman sipèvize, yon bagay yo te manke avan akòz espas la ki te limite, epi li pral gen ladan

anplwaye ak pwogram ki pral ede plis pase 400 moun k ap viv ak VIH/SIDA chak ane nan kominote lokal la. Agrandisman sèvis yo te pote 23 nouvo djòb vin nan Albany.

Sant lan gen ladan de espas pou salon pou moun ki vin chache èd yo, yon kizin konplè, yon gadmanje, chanm pou bay konsèy sikolojik ak gwoup sipò, yon chanm espòtif, yon espas pou moun benyen bèt domestik yo pou pwogram PAWS sant lan, yon sal enfòmasyon, yon sal gerizon, ak yon famasi espesyalize ki pral ofri sèvis medikaman pou kominote a olaj ansanm ak manm ak lokatè k ap viv nan sant lan yo. Bilding lan gen sètifika Lò Lidèchip Konsepsyon Enèji ak Anviwonmantal (Leadership in Energy and Environmental Design, LEED Gold Certified) ki gen pano solèy ak yon dèlko.

Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri nan Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap Eta New York la (New York State Office of Temporary and Disability Assistance's Homeless Housing and Assistance Program) te bay 4.3 milyon dola nan pwojè 5.6 milyon dola plis yon sibvansyon 269,000 dola nan men Otorite Dòtwa Eta New York (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY).

Komisyone Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap an nan Eta New York Samuel D. Roberts, te deklare, “Gouvènè Cuomo kontinye trase chemen an pou asire Nouyòkè ki pi vilnerab yo gen aksè a lojman sekirize ki abòdab. Pwojè tankou nouvo Sant Damien an non sèlman bay sanzabri nan fason kwonik yo yon kote pou yo rete, men tou pou yo gen aksè a sèvis sipò yo bezwen pou yo viv lavi yo estab ak an sante”.

Gerrard P. Bushell, ki se Prezidan ak PDG Otorite Dòtwa Eta New York la te di, “DASNY konprann nati enpòtan fon sa yo jwe nan lojman abòdab y ap ofri nan kominote atravè Eta New York la yo. Nou fyè pou nou sipòte efò Gouvènè Cuomo ap fè pou ede sila ki nan bezwen lojman oswa swen medikal yo epi asire yo pa kite pèsòn rete nan fredi a”.

Senatè Neil Breslin te di, “Lojman Sipèvize se yon estrateji yo pwouve ki trè efikas pou ede kèk nan moun nan kominote nou yo ki pi vilnerab yo. Nouvo Sant Damien Albany an ki mezire 26,000 pye kare a pral ede ofri asistans ak sèvis sipò nesèsè bay sanzabri nan fason kwonik k ap viv ak VIH/SIDA yo. Mwen aplodi Gouvènè Andrew Cuomo ak Komisè Sam Roberts nan Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap la pou efò san pran souf yo te fè pou asire devlopman lojman sa a vin tounen yon reyalyte”.

Manm Asanble Patricia Fahy te di, “Mwen kontan anpil pou m wè angajman Gouvènè a pran anvè devlopman lojman sipèvize pou sanzabri nan fason kwonik k ap viv ak VIH/SIDA yo konplètman reyalyze isit la nan Albany avèk bèl nouvo Sant Damien an. Nouvo sant lan se yon kwazman enkwayab pou nou pran swen sila ki pi vilnerab nou yo, investisman piblik nan solisyon yo pwouve ki efikas, epi enspire renovasyon ak konstriksyon nan katye istorik la yo”.

Egzekitif Konte Albany an, Daniel P. McCoy, te di, “Nou dwe fè tout sa nou kapab pou nou bay sila yo nan kominote nou an k ap viv ak VIH/SIDA yo asistans epi lefèt ke seremoni koupe riban pou Sant Damien Albany an ap fèt nan Jounen Mondyal SIDA ap voye yon mesaj fèm. Mèsi, Gouvènè Cuomo paske l konprann bezwen ki gen pou

sant sa a epi kisa li vle di pou manm nan kominote nou an yo... konpasyon l, zanmitay, ak sipò li ban nou”.

Majistra Albany Kathy M. Sheehan te deklare, “Pwojè sa a te vrèman yon efò kominotè, epi li pa t ap posib san sipò Gouvènè Cuomo ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap Eta New York la. Nouvo etablisman sa a pral pèmèt Sant Damien an agrandi pòte l toupatou atravè Rejyon Kapital la - k ap ofri lojman sipèvize bay moun sanzabri nan fason kwonik VIH/SIDA ap enpakte a yo. Felisitasyon a Perry Junjulas ak tout ekip Sant Damien an nèt”.

Direktè Egzekitif Sant Damien Albany an, Perry Junjulas te di, “Investisman sa k ap fèt nan kominote nou an pral ede nou nan objektif nou genyen pou nou mete fen a epidemi SIDA nan Eta New York. Pou moun ki gen VIH/SIDA yo, lojman se swen sante epi Sant Damien Albany an pran angajman pou bay fondasyon sa pou asire ke chak moun resevwa aksè san limit ak sipò yo merite”.

Pou moun k ap viv ak VIH/SIDA nan New York yo, lojman se pi gwo bezwen yo pako ka satisfè a. Daprè yon ankèt 2014 te revele 80 pousan nan manm Sant Damien an yo te fè eksperyans ak pwoblèm sanzabri omwen yon fwa depi yo te dyagnostike yo ak VIH la. Lojman sipèvize se yon eleman enpòtan anpil nan plan Gouvènè a genyen pou mete fen a epidemi SIDA nan Eta New York.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418